



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Mwen mande tout ajans Eta yo pou yo rete an alèt maksimal kounye a pandan ke Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la mete ajou nivo risk pou move tan nan New York, patikilyèman nan Southern Tier ak kèk pati nan Western Hudson Valley. Sa ka lakòz gwo tanpèt loraj, inondasyon toudenkou, gwo van, blakawout ak posiblite pou menm gen tònad. Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ap retrase tanpèt sa yo ak anpil atansyon epi ekip sèvis piblik yo rete pare pou rezoud nenpòt blakawut. Li enpòtan pou Nouyòkè yo nan rejyon ki afekte sa yo rete vijilan: kontwole previzyon lokal ou a, asire w ke tout aparèy elektwonik yo byen chaje, epi prepare founiti yo nan ka yon evakyasyon ta nesesè."

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418